ва гуруҳларда ҳам анъанавий, ҳам онлайн фойдаланган ҳолда ўқув машғулотлари ташкил этилди. Ташкил этилган дарслар самарадорлиги 2021-2022 ўқув йилининг биринчи ярми якунида таҳлил қилинганда ўзлаштиришлар сифати 12-13 фоизгача ошганлиги аниқланди. Хулоса қиладиган бўлсак, дастурлаш технологияларини ўрганиш учун ушбу тизимлар яхши самара бериб қолмай, шу билан бирга талабаларда замонавий технологиялардан фойдаланиш кўникмаларини ҳосил қилади.

**Адабиётлар**


1. Мирзиёев Ш. Ўзбекистон Республикаси Олий таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш Концепцияси. 2019 йил 8 октябрь, ПФ-5847-сон.
2. Atadjanov, H. (2020). Students'motivation and independent work of students in an online and blended learning environment. Central Asian Problems of Modern Science and Education, 2020(1), -P. 64-70.
3. Голубничий А.А. Современные методы и средства обучения программированию / А.А.Голубничий К.А.Чернявская. //Бюллетень науки и практики. 2018. Т.4, № 6. –С.368-372. DOI 10.5281/zenodo.1290040.–EDN URZQWP.
4. 30+onlayn resursov dlya izucheniya programmirovaniya v 2017/Habrahabr URL: https://habrahabr.ru/post/331530.
5. Lamanauskas, V., & Makarskaite-Petkeviciene, R. (2021). Distance Lectures in University Studies: Advantages, Disadvantages, Improvement. Contemporary educational technology, 13(3).
6. Каюмова, Н.А. Олий таълимда электрон таълим муҳитини ташкил этишда янги технологиялар. Современное образование (Узбекистан) 2 (99) (2021): 64-73.



**РЕЗЮМЕ.** Мақола Web-технология ва дастурлаш фанидан талабаларнинг мустақил ишларини ташкил этишга бағишланган. Талабаларнинг мустақил ишларини ташкил этишнинг онлайн тизимлари ўрганилади.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена организации самостоятельной работы студентов по предмету Web-технология и программированию. Изучаются онлайн-системы организации самостоятельной работы студентов.

**SUMMARY.** The article is devoted to the organization of independent work of students on the subject of Web-technology and programming. Online systems are being studied for organizing students' independent work.


## BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍN KLASSTAN TÍS JUMÍSLARDA MIYNET ISLEWGE ÚYRETIW MÁSELELERI


**M.A.Bazarbaeva –** *magistrant*

*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** tarbiya, sinfdan tashqari ishlar, mehnat, klass, mehnat ta'rbiyasi, harakat.

**Ключевые слова:** воспитания, внеклассная занятия, труд, класс, трудовое воспитание, движение.

**Key words:** upbringing, extracurricular activities, labor, class, labor education, movement.


Búgingi kúnde bilimlendiriw tarawındağı eń áhmiyetli máselelerdiń biri jaslar tárbiyasın rawajlandırıw menen baylanıstırılatuğın bolsa, muğallim, ata-ana, máhálle beretuğın tárbiyadan tısqarı olarğa sırttan tásir etetuğın hár qıylı texnologiyalıq qurallarda tárbiyashı xızmetin atqarmaqta. Keleshegimiz bolğan jas áwladlardı fizikalıq hám ruwxıy jaqtan jetik insan etip tárbiyalaw haqqında Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev «Tálim hám tárbiya, ilim-pán, den-sawlıqtı saqlaw, mádeniyat hám kórkem óner, sporttı rawajlandırıw máseleleri, jaslarımızdıń tereń bilimge iye bolıwı, shet tillerdi hám zamanagóy informaciyalıq-kommunikaciyalıq texnologiyalardı puxta iyelewin támiynlew barlıq waqıtta baslı wazıypamız bolıp qaladı»-dep atap kórsetken edi [1].

Balalarda oqıw procesinde qáliplesetuğın ádep-ikarmlı qatnas sıpatı klasstan tıs jumıslarda bekkemlenedi hám bir qansha tolıqtırılıp jetilistiriledi. Klasstan tıs jumıslar oqıwshılar xızmetiniń hár túrli formalarına hám konkret mazmunına kútá bay. Balalar sabaqtan tıs waqıtta jámiyetlik paydalı miynetke aralasadı, oqıtıwshı bergen tapsırmalardı orınlaydı, klass toparlarınıń jıynalıslarına qatnasadı, birge oynap, birge ekskurciyalarğa, shığıp, juwırıw, sekiriw hám tağı basqa oyın túrlerinen jarısqa túsedi. Geyde klasstan tıs waqıtları birlesip atqarğan xızmet muğallimge jámáátte balalardıń óz doslarınıń qanday da bolmasın birewi jóninde qáliplesken qáte pikirlerin ózgertiw, balalardıń óz-ara qatnasların kerekli bağdarğa qaray burıw múmkinshiligin beredi. Mısalı, bir oqıwshınıń sabaqtağı tártipsizligi, muğallimniń oğan jiyi jasağan eskertiwleri, onıń qatal múnásebetleri jámáátte balanı jek kóriwshilik qarım-qatnısınıń júzege keliwin payda etiwi itimal. Ol oqıwshı óziniń sabaqtağı minez-qulqın jaqsılağannan keyin de jámááttegi qáliplesken bul jağdaydı muğallimge ózgertiw ańsat bolmay qaladı. Usılardı saplastırıw maqsetinde pedagog óziniń aldına qoyğan maqsetine jetiw ushın tábiyatqa jasalğan ekskurciya waqtında ol baladan onıń jaqsı biletuğın nársesi, haqqında aytıp beriwin sorawı múmkin. Usınday jağdayda balalar ol oqıwshı menen aralasıp júrip, onıń minez-qulqınıń jaqsı tárepleri kóriwge erisedi. Bul háreketlerden keyin balanıń ózi de dúzeledi, basqa balalarğa isenim menen qatnas jasay baslaydı, balalardıń geybirewleri menen doslasıp ketedi.

Klasstan tıs jumıslar barısında balalardıń arasında hár qaysısınıń jeke ózgesheligin belgileytuğın qarım-qatnası qáliplesedi. Qáliplesken usı óz-ara qarım-qatnaslar oqıwshı jeke basınıń rawajlanıwınıń bunnan keyingi barısına da tásir jasawı jiyi sezilgeni málim.

Balalardıń óz-ara qarım-qatnası ushın olardıń jámáátlesken túrde is alıp bara biliwiniń de áhmiyeti ullı. Balalardıń óz háreketlerin basqalardıń háreketleri menen úylestire bilmewi, bir-birine járdem bere bilmewi, olardıń birge bolıwğa umtılmawın payda etedi, olardıń óz ara qarım-qatnasına unamsız tásirin tiygizedi. Balalardıń birlesip háreket etiwge úyreniwi ushın jumıstı jobalastırıw, miynetti bólistiriw, ózine berilgen tapsırmanı orınlaw hám barlıq isti bir tutas jumıs túrinde dıqqatta tutıw, ortaq jumısqa esap bere biliwin názerde tutıp muğallim balalarğa kórsetpe beredi hám bul islerdi qalay orınlaw kerekligin túsindiredi.

Balalardı jámáátlik háreketti alıp barıw usıllarına úyretiw muğallimniń ayrıqsha hám arnawlı wazıypası bolıp tabıladı. Jámáátlik jumıs ústinde balalardıń arasındağı payda bolatuğın iskerlik qarım-qatnasıqlar kóplegen jağdayda úlkenler tárepinen retlestirilip otırıladı. Muğallim jumıstıń sapasına, oyın procesine, jıyınlardı ótkeriwge ğana emes, sonıń menen birge usı jámáttlik háreketke qatnasıwshılar arasında payda bolatuğın qarım-qatnaslarğa da anıq talaplar qoyıwı kerek. Balalar bul talaplardı biliwi hám túsiniwi tiyis.

Ulıwma bilim beretuğın mektep birinshi klasstan baslap barlıq oqıwshılardıń shamasına qaray kollektiv miynetke aralasıwın támiyinlewi kerek. Miynetke tárbiyalaw tek miynet sabaqları processinde hám ayırım miynet háreketlerinde ğana emes, al mekteptiń barlıq oqıw-tárbiya jumıslarınıń jıyındısı menen ámelge asadı. Bul iste xalıq pedagogikası [2] dástúrlerinde esapqa alğan jón.

Óz oqıwshıların oqıtıp hám tárbiyalay otırıp, baslawısh klass muğallimi balalardı aldı menen qol miynetine úyrenip barıwshı qol miynetin talap etetuğın jerlerde miynet etiwge, hám bilimin tereńlestiriwdi dawam etiwge tayar turatuğın mektepti pitkeriwshiler retinde kóredi. Muğallim kúndelikli klass penen alıp baratuğın jumısında házirgi zaman bilimleri menen qurallanğan, dóretiwshilik xızmetke uqıplı jámáát penen islese alatuğın óziniń mamanlıq hám ulıwma

mádeniy dárejesin kóteriwge umtılatuǵın, belsendi turmıslıq kóz-qarasqa iye miynetkesh, kámil insandı tárbiyalawǵa umtıladı [3]. Bul idealǵa muǵallim miynet tárbiyasınıń maqsetin, mazmunın, siyasiy hám ádep-ikramlıq tárbiya menen bir pútinlikte jobalastıra otırıp háreket etiwi lazım.

Oqıwshılardı miynetke úyretiw, oǵan húrmet penen qarawdı tárbiyalaw, olardı jámiyetlik paydalı miynetke aktiv tartıw jaǵdayında ǵana iske asıwı múmkin. Muǵallim wazıypanı sheshiwde balalarǵa jeterli óz betinshe islewge múmkinshilik beredi, payda bolǵan sorawlarǵa óz betinshe juwap izlewge úyretedi, balalardan oylanıwdı, izleniwdi yaǵnıy sırttan turaqlı kómeksiz belsendilik penen óz betinshe islewdi talap etedi. Oqıwshılardıń háreketlerin izbe-izli tallaw, balalardıń jumıslarınıń nátiyjelerin olardıń inciativaların, óz betinsheligin, tabısların, ashqan jańalıǵın hám jibergen qátelerin esapqa ala otırıp bahalaw-miynetke úyretiwdiń zárúrli jaǵdayı bolıp tabıladı.

Muǵallim balanıń unamlı emociyaların birdeyine bekkemlep otıradı, onıń tabısların bahalaydı, quwatlawdıń hár qıylı túrlerin qollanadı, bunda eń jaqsı islengen jumıslardan jańa sheshimlerdi izlewden basqalardı úyretiw ushın úlgi retinde paydalanadı.

Miynet súygish adamdı tárbiyalaw ushın oqıwshını óz ústinde ulıwma jumıs ushın juwapkershilikti seze alatuǵın, ol ushın jámáát aldında juwap beriwge, miynet háreketlerinde jámiyetlik motivlerdi basshılıqqa ala alatuǵın, miynet xızmetiniń jámáátlik túrlerine úyretiw zárúr [4]. Balalardı baqlaw arqalı olardıń óz dosları menen jumıstı kewilli baslaytuǵının kóriwge boladı, biraq kóp uzamay geyde óz-ara túsinispewshilikler, yaki jánjel baslanıp hár biri ózin oylaydı, kerekli materiallardı yamasa ásbaptı joldasına beriwge asıqpaydı. Meniń ózime kerek, men ózim házir qıyaman - saǵan qayshını sońınan beremen - degen siyaqlı óz ara narazılıqtıń ósiwi geyde málellesiwge alıp keledi. Bunday jaǵdaylarda ulıwma jumıstıń nátiyjeleri joqarı sapada bolıp shıqpaydı, al onıń ádep - ikramlılıq nátiyjesi tikkeley unamsız boladı.

Oqıwshılardı jumıstıń jámáátlik formalarına úyretiw ushın onıń maqsetin birlesip oylap kóriwden, tallawdan baslanıwı zárúr. Jámáátlik miynetke arnawlı úyretilmegen toparlardaǵı balalardıń jumısın baqlaw waqtında balalardıń óz ústinde jiyi atqarıwshılıq roldi ǵana alatuǵınlıǵı kórinedi. Toparda jumıs waqtında payda bolatuǵın wazıypalardı óz betinshe sheshe alatuǵın shólkemlestiriwshi tabılmaǵan jaǵdayda olar jumıstı shala, jaman orınlaydı.

Jámáátlik jumıs ushın balalar bólimshelerge bólistiriledi. Jumıs processi waqtında muǵallim balalarǵa óz ara qatnaslardı jolǵa qoyıwǵa awızbirshilikli jumıstıń qáddin islep shıǵıwǵa, miynet háreketinde payda bolatuǵın máselelerdi óz betinshe sheshiwge kómeklesedi. Balalardı jumısqa berilip bar intası menen islewge úyretiw oǵada áhmiyetli. «Bólimshelerdi» dúziwde muǵallim onıń ishinde shólkemlestiriwshi bola alatuǵın oqıwshı, sonday-aq ortaq jumısqa iniciativa, dóretiwshilik ruwx engize alatuǵın, ayqın doslıq sezimleri menen kózge kórinetuǵın oqıwshılardıń bolıwına dıqqat awdaradı. Eger bul wızıypanı dáslepki gezde sheshiw múmkin bolmasa jumıstıń kelesi túrlerinde muǵallim balalar bir-birinen miynet kónlikpelerin, shólkemlestiriwshilik uqıptı, doslıq háreketlerdi úyrene alatuǵınday etip oqıwshılar toparın ózgertiwi zárúr.

Kem-kemnen balalar bir-birindegi miynet uqıpların - «Ol kóp nárselerdi isley aladı, onıń menen birge islew qızıqlı», iske dóretiwshilik qatnastı payda etip, - «Kóp nárseni oylap tabadı». Jaqsı oylay biledi, doslıq dıqqattı háwijlendirip,-«Kómeklese aladı, sıqımar emes, hámmege jaqsı bolıwın oylaydı» - siyaqlı bahalay baslaydı. Jumıs isleytuǵın adamnıń unamlı sapaların usılayınsha túsiniwge muǵallimniń bahalawı da, ortaq istiń barısı nátiyjesin jámáát bolıp tallaw da járdem beredi.

Usınday pedagogikalıq tásir jasawlar járdeminde muǵallim kem-kemnen balalardı awızbirshilikli atqarılǵan jumıs ǵana durıs shólkemlestirilgen jámáátlik miynet nátiyjesiniń jaqsı sapasına eristiretuǵın, kewil-xoshlıqtı kórip, quwanısh alıp keletuǵının seziniwge erisedi. Ásirese, miynetke qızıǵıwdı quwatlaytuǵın hám rawajlandıratuǵın, sonday-aq balalardı óz uqıplıqların kórsete alatuǵın, óz bilimleriniń paydasın kóre alatuǵın zárúr esaplanǵan miynetke hám jámáátlesip jasawǵa tartıw ámelge asırıladı.

**Ádebiyatlar**


1. Мирзиёев Ш.М. “Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш - юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. -Т.: “Ўзбекистон”, 2017.
2. Алеуов У. Трудовое воспитание в народной педагогике. //Народная педагогика. Сб. научных докладов II международного симпозиума “Зараутсай-98”. –Ташкент: “Университет” 1998.
3. Алеуов У. Роль нородной традиции в трудовом воспитании учащихся начальных классов. // «Муғаллим ҳәм үзликсиз тәлим». –Нукус: 2007. № 3.-
4. Алеуов У. Методологические аспекты профессионального самоопределения учащихся. // Роль педагогики и психологии в развитии общечеловеческой культуры . Материалы РНТК. –Нукус: КГУ. 2008.



**REZYUME.** Maqolada maktab o‘quvchılarini sinfdan tashqari ishlar jarayonida birgalikda mehnat qilishga o‘rgatishning pedagogik muammolari ochib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье раскрываются педагогические проблемы обучения школьников совместной работе в процессе внеурочной деятельности.

**SUMMARY.** The article reveals the pedagogical problems of teaching schoolchildren in team working while.


## TARIX FANI DARSLARINI TASHKIL ETISHDA ZAMONAVIY TEXNOLOGIYALARNING ROLI


**R.E.Xolikova** – *tarix fanlari doktori, professor*

*Toshkent davlat texnika universiteti*



**Tayanch so‘zlar:** zamonaviy texnologiyalar, tarixni o‘qitish, interfaol usullar, o‘quvchi shaxsi, poydevor, yangi bilim, pedagogik texnologiyalar, ko‘nikmalarni mustahkamlash, bilim, sifat, tarixiy davr, innovatsion faoliyat.

**Ключевые слова**: современные технологии, изучение истории, интерактивные методы, личность ученика, фундамент, новые знания, педагогические технологии, укрепление навыков, знания, качество, исторический период, инновационная деятельность.

**Key words:** modern technologies, history study, interactive methods, student's personality, foundation, new knowledge, pedagogical technologies, strengthening skills, knowledge, quality, historical period, innovative activity.


**Kirish.** Bugun mustaqil O‘zbekistonimiz tarixini o‘rganishga katta e’tibor qaratilmoqda. Bu esa o‘sib kelayotgan yosh avlodga tariximizni chuqur o‘rganish imkonini bermoqda. Shuningdek, tariximiz bilan faxrlanish,undan xulosa chiqarish imkonini bermoqdi.

Tarix fanini o‘qitishda innovatsion-pedagogik texnologiyalarning ahamiyati bo‘lajak tarix fani o‘qituvchilarining kasbiy tayyorgarligini rivojlantirish, ularning pedagogik tafakkurini kengaytirish, fanni o‘qitishda zamonaviy pedagogik texnologiyalardan foydalanish uchun zarur bo‘lgan uslubiy bilim va ko‘nikmalarni shakllantirishdan iborat.

O‘quv faoliyati mazmuni, maqsad va vazifalarining ko‘payishi natijasida uning shakl va usullari ham takomil-